

Evalyasyon Bezwen Sante Kominote Randolph la ak Plan Byenèt Kominotè

Kisa yon Evalyasyon Bezwen Sante Kominotè ye?

Yon Evalyasyon Bezwen Sante Kominotè (CHNA) se yon pwosesis miltisektoryèl òganize ki dirije pa patnè ak dirijan kominote a pou idantifye fòs yon kominote ak domèn kote bezwen sante yo pi grav.




Kisa yon Plan Byenèt Kominotè ye?

Yon Plan Byenèt Kominotè itilize enfòmasyon ki rekiyi nan CHNA epi li founi rekòmandasyon pou konkretize vizyon kominote a yon fason pou amelyore lasante. Rekòmandasyon sa yo ale odela biwo medsen an pou wè kòman kominote a, wout li yo, batiman li yo ak sèvis li yo kapab amelyore sante ak byenèt kominote a.

Tèm Prensipal ak Konklizyon

Divèsite, Rasis ak Reprèzantasyon



Randolph gen majorite moun ki pa blan

"Kominote nou an divèsifye e nou akeyi epi selebre divèsite nou an. Vil la dwe pwopoze enfòmasyon nan plis lang epi selebre divèsite moun ki swete pataje opòtinite ke vil la ofri."

Swen Sante



Transpòtasyon, fè twòp tan ap tann, baryè lengwistik ak kiltirèl te site kòm baryè pou aksè ak swen sante

Lojman



11% kay nan Randolph abòdab

Anviwonman Fizik ak Sosyal



Powers Farm, Belcher Park, ak RICC te prezante kòm atou presye pou kominote a

*"Meyè sèvis sante mennen nan swen ki pi rapid pou moun ki plis bezwen l. Kominote nou an dwe asire l ke lasante pa yon gwo fado fiskal. **Transpòtasyon nesèsè pou ka gen aksè ak sèvis sante ak lòt nesèsite**"*

Aksè ak Manje

50%

To ensekirite alimantè yo pi elve nan Randolph ke nan MA. Plis pase 50% rezidan kalifye pou SNAP

Transpòtasyon

157

157 moun ki te reponn kesyon sondaj la di "Lari ki pi an Sekirite" ta ka amelyore lasante nan Randolph.

Gwo Pwoblèm Sante gen Ladan



Grip se maladi enfektyez ki pi kouran

2/3

2 sou 3 rezidan granmoun pa manje ase fwi ak legim



Sante mantal se yon preyokipasyon komen lakay jèn ak granmoun ki pi aje



Jèn yo mwens aktif pase lòt jèn parèy yo onivo nasyonal.

Plan Byenèt Kominotè pwosesis

Komite Direktè

Yon komite direktè miltisektoryèl te ede defini Objektif ak Estrateji Plan Byenèt Kominotè a. Manm Komite Direktè gen ladan rezidan ak reprezantan Depatman Lasante, Depatman Planifikasyon, Bibliyotèk Turner, Otorite Lojman nan Randolph, Sant Kominotè Entèjenerasyonèl nan Randolph, Lekòl Piblik nan Randolph, founisè swen sante ak sèvis sosyal ak lòt ankò.

Defini Bezwen ak Priyorite Sante Atravè:



Done Sante Piblik yo



Angajman Pati Prenant yo



Entèvyou ak gwoup diskisyon



Sondaj sou Sante



Katografi sous foul moun

Objektif Byenèt Kominotè

Enfòmasyon ki rekeyi nan kad pwosesis CHNA a te sèvi kòm baz pou elabòasyon objektif ak rekòmandasyon pou Plan Byenèt Kominotè a.



Egzekisyon: Plan pou byenèt kominote Randolph la ap egzekite estretejikman epi sante piblik nan Vil la ap amelyore.



Kominote: Randolph se yon vil ki an sekirite epi akeyan ki selebre divèsite inik li a, ki ankouraje patisipasyon sivik, epi ki konekte vwazen yo antre yo.



Swen Sante ak Sante Piblik: Rezidan Randolph yo gen aksè ak swen prevantif ki abòdab, aksesib epi ki kiltirèlman satisfèzan ansanm ak tretman medikal.



Transpòtasyon: Rezo transpòtasyon Randolph la bay rezidan yo bon opsyon, ki gen plizyè fasèt, epi ki kowòdone nan nivo rejyonal ki ankouraje sante, patikilyèman pou moun ki gen pwoblèm depласman ak revni, jèn ak granmoun aje.



Lojman: Melanj tip lojman yo satisfè bezwen rezidan Randolph yo epi rezidan yo ap viv nan kay ki an sekirite, abòdab ak an sante.



Pak, Espas Louvri ak Rekreyasyon: Rezidan Randolph yo gen aksè ak pak ki byen mentni, an sekirite ki ankouraje rekreyasyon epi yo sitiye tou pre kay yo.



Manje: Rezidan yo gen aksè ak opsyon ase manje ki pratik, abòdab, an sante ansanm ak manje ke yo prefere nan kilti yo nan magazen, nan lekòl, ak nan pwogram asistans manje.



Lekòl: Lekòl Piblik Randolph yo ankouraje sante ak angajman elèv ak anplwaye yo.

VIN ENPLIKE W!

Pou ka aprann plis bagay sou Plan Byenèt Kominotè a oswa pou enplike w nan mizanèv Plan Byenèt Kominotè a, tanpri kontakte Konsèy Planifikasyon Rejyon Metwopolitèn lan nan hstucker@mpac.org

